

• •

## CHAPIT 16

# Bay bebe tete

Nan chapit sa a:

<b>Lèt manman an pi bon .....</b>	<b>281</b>
Lèt nan bwat yo fè pou bebe (fòmil) konn danjere .....	281
<b>Ki jan pou bay bebe tete .....</b>	<b>282</b>
Ki jan pou kenbe bebe a.....	282
Sa manman an dwe manje pandan l ap bay tete .....	283
<b>Lè manman an ap travay deyò .....</b>	<b>284</b>
Tire lèt tete a mèt nan boutèy.....	284
Kesyon pataje lèt tete .....	286
<b>Difikilte ki konn genyen nan afè bay bebe tete .....</b>	<b>286</b>
Manman an pè li pap gen ase lèt.....	286
Pwent tete ki plat oswa ki lanvè.....	287
Tete anfle .....	288
Boul nan tete ki fè l mal (absè) .....	288
Enfeksyon nan tete (glann tete anfle).289	
Pwent tete a fè l mal oswa li blese .....	290
Chank .....	290
Bebe a gen doulè gaz (kolik) .....	291
<b>Sitiyasyon ki konn gen efè sou kesyon bay bebe tete.....</b>	<b>291</b>
Marasa.....	291
Bebe ki twò piti ak bebe ki fèt anvan lè .....	292
Bay bebe tete pandan gwosès .....	292
Lè manman an malad .....	292
VIH/SIDA .....	293
<b>Lòt bagay ki ka ranplase lèt manman.....</b>	<b>294</b>

# BAY BEBE TETE


CHAPIT

16

## Lèt manman an pi bon

Lèt manman gen tout kalite nitrisyon yon bebe bezwen. Li bay anpil lòt avantaj tou:

- Lèt manman pwoteje pitit la kont anpil maladi, tankou dyare, nemoni, dyabèt, ak kansè.
- Tibebe a santi l an sekirite lè l toupre ak manman l epi l ap pran tete l.
- Lèt tete a toujou fre, li pwòp, epi se yon manje ki tou pare.
- Bay tete pèmèt matris manman an ratresi apre akouchman an, e sa ralanti san an.
- Bay tete ka anpeche manman an ansent tousuit.
- Bay tete pwoteje manman an kont maladi zo frajil ak kèk kalite kansè ki te ka devlope pi devan.
- Lèt manman pa koute anyen, li gratis!



Bebe ki tete gen pi bon sante.

## LÈT NAN BWAT YO FÈ POU BEBE (FÒMIL) KONN DANJERE



Bebe ki manje nan bibwon gen plis chans pou yo malad epi pou yo mouri.

Konpayi ki vann lèt nan bwat ak lòt kalite lèt yo fè pou ranplase lèt manman ka di nenpòt bagay pou fè moun achte yo. Yo ka di lèt sa yo alamòd, yo pwòp, yo san danje, epi yo gen bon nitrisyon menm jan ak lèt manman. Sepandan, **lòt kalite lèt yo fè pou ranplase lèt manman pa gen tout avantaj lèt manman genyen yo, epi yo ka danjere pou anpil bebe.**

- Lèt nan bwat gen mwens nitrisyon.
- Li pi difisil pou bebe a dijere lèt sa yo.
- Pou bay yon bebe bwè lèt nan bibwon, oblige gen dlo pwòp ak dife pou bouyi dlo a ak bibwon yo. Si bibwon yo oswa dlo a sal, bebe a ka gen dyare grav ki ka touye l.
- Achte lèt nan bwat koute anpil lajan.
- Gen fanmi ki ajoute plis dlo pou mamit lèt la ka fè plis tan. Sa fe bebe a pa byen devlope, epi yo malad pi souvan.

## Ki jan pou bay bebe tete

**Ede manman yo kòmanse bay bebe yo tete nan premye è apre yo fin fèt.** Premye lèt jòn nan yo rele kolostwòm nan, se egzakteman sa yon tibebe ki fèk fèt bezwen. Li gen tout nitrisyon bebe a bezwen, epi li bay plis pwoteksyon kont enfeksyon. Kolostwòm lave trip bebe a tou. Li pa nesesè pou bay bebe a te oswa remèd fèy pou netwaye trip li.

Jeneralman yon bebe montre li prè pou l manje lè l avanse bò tete manman l oubyen lè l fè bri ak bouch li. Si okòmansman bebe gen pwoblèm pou l pran tete, manman an ka mete kèk gout lèt sou po bouch bebe a ak kèk gout sou pwent tete li pou ankouraje bebe a souse l.

Depi bebe a grangou, manman an dwe ba l tete, lajounen kou lannuit. Anpil bebe ki fèk fèt ap pran tete chak 1 a 2 èdtan. Tank li tete se tank kò manman an ap pwodui lèt.

Tibebe dwe bwè lèt manman l sèlman (pa ba li okenn lòt likid ni okenn lòt manje) pandan 6 premye mwa yo. Menm yon bebe ki gen laj pou l manje ap toujou bezwen lèt manman l jiskaske li gen 2 an oubyen plis.



**ATANSYON! Lèt manman se sèl manje yon bebe bezwen, epi se pi bon manje pou li pandan 6 premye mwa yo.** Si yon manman bay pitit li lèt nan bwat, dlo, te, oswa sereyal anvan 6 mwa, l ap pran tete a mwens. Sa ap fè manman an gen mwens lèt. Lòt manje sa yo ka bay bebe a dyare, alèji, ak lòt pwoblèm.


## KI JAN POU KENBE BEBE A

Li ka difisil pou yon manman aprann ki jan pou l bay premye pitit li tete. Ou ka ede l lè w ankouraje l kontinye eseye epi montre l bon pozisyon pou l bay tete. Lè bebe a nan yon bon pozisyon, sa pèmèt li kole pi byen sou tete manman l lan, li manje pi byen, epi sa anpeche manman an gen doulè oubyen blese nan pwent tete l la.


Manman an dwe soutni tèt bebe a avèk men l oubyen ponyèt li. Tout kò bebe a dwe anfas manman an pou kou l pa oblige vire. Pozisyon sa a fè l pi fasil pou l vale.

Lè bebe a ouvri bouch li laj, manman an dwe pote bebe a vin jwenn tete a. Tete a dwe plen bouch bebe a avèk pwent tete a fon anndan bouch li.

Tete a byen antre nan bouch  
bebe sa a.



Tete a pa antre ase nan  
bouch bebe sa a.



### Pozisyon pou bay bebe tete ki byen mache

#### Pwatin sou pwatin, manton nan tete

Do manman an  
rete tou dwat.



Kò tibebe a rete tou  
dwat epi fas li vire  
sou manman an.

Yo soutni tèt bebe  
a nan yon liy ki  
dwat ak rès kò l.

Bebe a souse tete  
a, pa sèlman  
pwent lan.



Mete yon zòrye  
oswa yon twal ki  
woule anba do  
bebe a.

### SA MANMAN AN DWE MANJE PANDAN L AP BAY TETE

Pou yon fi ka reprann li apre akouchman an, epi pou kò l ka pwodui lèt, li dwe manje menm jan oswa plis pase lè l te ansent. Epi, li ta dwe manje yon bon varyete manje, tankou fwi, legitim, epi manje ki gen anpil pwoteyin ak grès, tankou nwa, pwa, fwomaj, ze, ak vyann.

Li nesesè pou l bwè anpil likid tou. Dlo, te fèy, ji fwi, ak lèt ap ede l rete an sante epi y ap ede l fè lèt.



## Lè manman an ap travay deyò

Lè manman an travay deyò, li ka difisil pou se tête sèlman li bay bebe l la pandan 6 premye mwa yo. Si sa posib, manman an ka al nan travay la ansanm ak bebe l la, oswa lè bebe a dwe manje, yon moun ka pote l ba li.

Gen kote moun ap eseye pase lwa ki bay medam yo dwa pou yo pran poz nan travay yo pou yo ka bay pitit yo tête oswa pou yo tire lèt la mèt nan boutèy.



### TIRE LÈT TETE A MÈT NAN BOUTÈY

Yon lòt fason pou bebe a kontinye bwè lèt tête menm lè manman l pa la se pou manman an tire lèt la mèt la a. Apre sa, yon lòt moun ka bay bebe a lèt la. Lòt rezon ki ka fè l vle tire lèt la alamen se paske tête l yo twò plen, oswa si gen yon rezon ki lakòz li pa ka bay tête, men li vle pou kò l kontinye pwodui lèt.

Ou ka tire lèt

2 oswa 3  
fwa chak  
jou.




Apre sa ou ka  
voye lèt la bay  
yon moun ki ka  
bay bebe a  
manje, oswa w ka  
mete l la.



Yon fi gendwa jwenn yon pomp espesyal ki fèt pou tire lèt nan tête. Gen klinik oswa sant medikal ki vann oswa ki lwe ponp elektrik konsa. Yo gendwa vann ponp alamen ki senp e ki pa chè. Gen fi ki ka tire lèt la byen fasil ak men yo.


### Ki jan pou tire lèt alamen

1. Lave yon bokal ak tout kouvèti a avèk savon ak dlo pwòp, epi kite l sèch nan soleyl.
- Si l posib, rense anndan bokal la avèk enpe dlo bouyi jis anvan w sèvi avè l. Sa ap touye mikwòb ki nan bokal la epi l ap kenbe lèt la nan bon kondisyon.
2. Lave men w byen.
3. Mete dwèt ou ak gwo pou la arebò pati nwa pwent tete a (areyòl la), epi peze l nan direksyon lestomak la.
4. Peze dwèt yo ansanm jantiman epi woule yo ale devan nan dirèksyon pwent tete
  - a. Pa pichkannen ni pa rale pwent tete a. Sa pa dwe fè mal.



5. Deplase dwèt yo toutotou areyòl la pou lèt la ka soti nan tout tete a. Fè sa nan chak tete jiskaske yo vid.

Nan kòmansman, pap gen anpil lèt ki soti, men, avèk plis eksperyans, w ap jwenn plis. Jeneralman, manman an ka jwenn plis lèt si l yon kote ki pa gen bri, ki poze, e li santi l rilaks. Si l ap panse ak bebe l la pandan l ap fè sa, lèt la ka koule pi byen toujou.




### Konsève lèt la

Lèt tete dwe konsève nan yon resipyen pwòp, ki chode ak dlo bouyi. Kite lèt la tou kouvri yon kote ki fre, san l pa nan soleyl.

Lèt manman ka rete anviwon 8 èdtan san l pa gate, depi kote a pa twò cho. Li ka rete plis toujou si l yon kote ki frèt. Eseye vlope bokal la avèk twal ki mouye. Lè lèt la nan frijidè, li ka konsève pandan 2 a 3 jou. Li ka rete nan frizè ki byen glase jiska 2 semèn; men, depi li fonn, yo pa dwe remete l nan frizè a ankò.

Pou chofe lèt ki te konsève, mete bokal lèt la chita nan yon bòl dlo tyèd. Pa mete lèt tete nan mikwoond.



**ATANSYON!** Lèt ki pa konsève yon kote ki frèt ap gate epi li fèt pou jete.  
Lèt tete ki gate ka fè yon bebe malad grav.

## Bay bebe lèt tete ou te tire



Lè w ap bay yon bebe lèt ou te tire oswa nenpòt lòt kalite lèt, itilize yon goblè oswa yon kiyè ki trè pwòp. Menm bebe ki fèk fèt ka bwè nan goblè. Pa vide lèt la nan bouch bebe a pou l pa trangle. Yon bebe ki pi gran ka bwè nan yon goblè oswa nan yon bibwon ki gen tetin kawoutchou.

Kèlkeswa vesò ou bay yon bebe bwè ladan l, li dwe trè pwòp. Bibwon ak tetin ki sal sitou ka gen mikwòb ki ka lakòz bebe a trape gwo enfeksyon. Bouyi goblè a, bibwon an, ak tetin nan anvan w sèvi avè yo. Si sa pa posib, lave yo ak savon ak dlo pwòp epi kite yo seche nan solèy.

## KESYON PATAJE LÈT TETE

Bay bebe ki pou yon lot fi tete se yon abitid ki popilè. Anpil manman fe sa pou zanmi oswa fanmi lè manman an oblige pati ptit la nan lè manje a. Pataje let tete gratis, li fasil, e li ka fe relasyon ant 2 fanmi yo vin pi sere. Men, si yon fi gen VIH, li posib pou l enfekte timoun nan nan lèt tete a (gade paj 293). Sa ka fet menmsi manman an santi li an sante oswa li pa konnen si l gen VIH. Li pi bon lè yon fi fe tès VIH anvan l pataje lèt tete l la.

## Difikilte ki konn genyen nan afè bay bebe tete

### Manman an pè li pap gen ase lèt

Gen fi ki pè yo pa gen ase lèt. Menm pwofesyonèl lasante yo oswa manm fanmi ka di fi a li pa gen ase lèt. Asire manman an sa prèske pa janm rive. **Tank bebe a tete se tank manman an ap fè lèt.**




...pa ba l lòt  
manje oswa  
bibwon.



Pafwa yon bebe a ka deside toudenkou li vle plis lèt pase oparavan. Asire manman an sa nòmal. Sa vle di bebe a ap grandi, e apeti l ap grandi tou. Bebe a pa bezwen okenn lòt manje ni okenn lòt bagay pou l bwè, jis kite l tete pi souvan epi kite l tete kantite tan li vle a. Apre li pase 2 jou ap tete konsa, lèt manman an ap vin plis, epi l ap kapab satisfè bezwen bebe a.

Si bebe a gwosi epi li pipi plis pase 6 fwa pa jou, sa vle di li jwenn dekwa lèt.




Lèt manman an ap bay bebe a gen tout dlo ak nitrisyon li bezwen.

Gen moun ki bay bebe dlo, te, ti bwat lèt, oswa lòt likid, men, pandan 6 premye mwa yo, se pa nesesè, li ka menm danjere. Lè bebe a bwè lòt likid, sa ka plen vant li san l pa ba li bonjan nitrisyon. Dlo ak lòt likid ki pa pwòp ka lakòz enfeksyon.



### Pwent tete ki plat oswa ki lanvè


Gen fi pwent tete yo plat oswa yo lanvè (pwent tete a antre anndan tete a). Menmsi sa, jeneralman bebe a ka tete san pwoblèm. Men, manman an ak bebe a ka bezwen èd pandan premye detwa jou yo.



### Bay tete lè pwent tete a plat

- Kòmanse bay tete tousuit apre akouchman, anvan tete yo plen.
- Si tete yo plen anpil, tire enpe lèt alamen pou tete yo ka vin mou.
- Woule pwent tete a byen dousman pou fè l kanpe.
- Mete men w (nan fòm yon tas) toutotou tete a epi rale l sou w. Sa ap pèmèt pwent tete a soti deyò.





## Tete anfle

Pafwa tete manman an yo plen anpil epi yo di, sitou pandan premye detwa jou apre akouchman an. Manman an ka gen anpil doulè, epi sa gendwa fè l devlope enfeksyon nan tete. Sa ka fè l difisil pou bebe a souse tete a tou. Si manman an kòmanse bay bebe a tete toutsuit apre akouchman an, epi li fè bebe l la tete souvan, li ka evite pwoblèm sa a.

Men, si tete manman an anfle, li ka eseye fè konsa:

- Bay bebe a tete pi souvan, lajounen kou lannuit (chak 1 a 2 èdtan, nan toude tete yo.)
- Mete twal ki mouye ak dlo cho sou tete yo pandan 15 a 20 minit chak fwa anvan pitit la pral tete.
- Lè pitit la pap tete, mete glas, twal fre, oswa fèy chou frèch sou tete yo. Kite lèt la koule libreman epi soutni tete yo avèk soutyen oswa twal.
- Si bebe a gen pwoblèm pou l pran tete a paske l anfle, tire yon ti lèt alamen jiskaske tete a ase mou pou bebe a ka pran l.

Ankouraje manman an epi fè l konnen pwoblèm sa pap dire.

## Boul nan tete ki fè l mal (absè)

Si gen yon ti boul ki fè mal k ap devlope nan tete a, gendwa se paske lèt la rete yon sèl kote nan tete a. Si yo pa fè tretman pou boul la, li fasil pou tete a pran enfeksyon.

Si tete manman an gen ti boul k ap fè l mal, li dwe fè konsa:


- Bay bebe a tete souvan (chak 1 a 2 èdtan). Bay bebe a tete ki gen doulè a anvan. Si, pou yon rezon kèlkonk, manman an pa ka bay tete, li dwe tire lèt la alamen.
- Rete nan kabann, epi kite bebe a bò kote l pou l ka tete souvan.
- Bwè anpil likid.
- Mete twal ki mouye ak dlo cho sou tete ki fè l mal la pandan 15 a 20 minit chak fwa anvan pitit la pral tete.
- Mete glas oswa twal ki mouye ak dlo fre sou tete a lè bebe a pap tete, pou doulè a ka bese.
- Bay boul la masaj byen dousman pandan bebe a ap tete.



Gen fi ki bwè yon ti kiyè vinèg nan yon vè dlo chak inèdtan pou yo ka trete absè a. Mete fèy chou sou absè a ka ede tou.

## Enfeksyon nan tete (glann tete anfle)

Enfeksyon anndan tete a ka rive si pwent tete manman an blese e yo fè l mal, si tete yo plen, si l mete soutyen oswa lòt rad ki twò sere, oswa si l fatige anpil oubyen li malad. Evite sitiyasyon sa yo ka anpeche enfeksyon nan tete.



### **Men siy enfeksyon nan tete:**

- Absè (ti boul ki bay doulè nan tete)
- Gen kote sou tete a ki cho, ki wouj, oswa ki anfle
- Kò fè mal ak doulè
- Lafyèv  $38^{\circ}\text{C}$  ( $100.4^{\circ}\text{F}$ ) oswa plis



### Pou enfeksyon nan tete

- Bay li 500 milligram (mg) "dicloxicillin", nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 7 jou

#### Oswa

Si w pa ka jwenn medikaman sa a, oswa si fi a fè alèji ak "penicillin"

- Bay li 500 mg "erythromycin", nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 7 jou


### Pou lafyèv ak doulè

- Bay 500 a 1000 mg parasetamòl, nan bouch, chak 4 èdtan, jiskaske doulè a pase

**Si yon enfeksyon nan tete pa trete bonè, l ap vin pi mal.** Si gen yon absè ki devlope epi antibiotik pa ka geri l, fi a dwe wè yon pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon sou kòman pou l netwaye absè avèk zouti ki esterilize.



## Pwent tete a fè l mal oswa li blese



Si yon fi santi doulè nan pwent tete l yo pandan l ap bay tete, li pwobab bebe a pa nan yon bon pozisyon. Si bebe a kontinye tete nan yon move pozisyon, pwent tete manman an ka blese. Lè pwent tete a blese, li ka pran enfeksyon.

### **Pou trete pwent tete ki fè mal oswa ki blese:**

- Ede manman an kenbe pitit li nan yon pozisyon ki pèmèt bebe a plen bouch li ak tete a (gade paj 282).
- Manman an ka pase lèt li nan pwent tete a. Sa ap anpeche enfeksyon kote ki koupe a epi l ap ede pwent tete a rete mou pou l pa blese ankò.
- Ankouraje manman an pou l kite tete l pran lè ak solèy lè pitit la pap tete.
- Ankouraje manman an pou l kontinye bay tete nan toude tete yo, men li ka kòmanse avèk tete ki gen mwens doulè a, ansuit li pase nan tete ki blese a lè lèt la kòmanse koule.
- Si doulè a twò rèd pou manman an bay tete, li ka tire lèt la alamen epi bay bebe a lèt la nan goblè ak kiyè pandan kèk jou.



Bay bebe a tout tete a, pa sèlman pwent lan, pou l ka plen bouch li.

## Chanklèt (Migè)

Si bebe a rete nan bon pozisyon pou l tete, men manman an toujou gen doulè nan pwent tete l ki dire plis pase yon semèn, se chanklèt ki ka lakòz sa. Chanklèt se yon enfeksyon nan pwent tete a oswa nan bouch bebe a. Manman an ka santi pwent tete l ap grate l oswa li ka santi yon doulè k ap boule l epi k ap dechire l. Bebe a ka gen tach blanch oswa koulè wouj nan bouch li.

### **Ki jan pou trete chanklèt**

Melanje “violet de gentiane” ak dlo pou l ka gen yon valè 0.25%. Pa egzanp, si w gen yon solisyon ki gen 1% “violet de gentiane”, mete yon ti kiyè solisyon an nan 3 ti kiyè dlo.

Itilize yon twal pwòp oswa yon dwèt pwòp pou pase remèd la sou pwent tete yo epi sou tach blanch ki nan bouch bebe a, yon fwa pa jou pandan 5 jou. “Violet de gentiane” nan ap tache ni rad, ni bouch bebe a, ni pwent tete manman an avèk yon koulè mov. Sa nòmal. Manman an dwe kontinye bay pitit la tete. Si chanklèt la pa amelyore sou 3 jou, sispann itilize “violet de gentiane” nan epi chèche èd nan men doktè.

## Bebe a gen doulè gaz (kolik)

Si bebe a kòmanse kriye epi li rale pye l monte sou li tousuit apre li kòmanse tete, li ka gen gaz, sa vle di li gen twòp lè nan vant li. Gen bebe ki vale lè pandan y ap tete. Sa ka soulaje bebe a si w fè l rann gaz.

Mete bebe a kouche  
sou zepòl ou epi bat  
oswa fwote do l.

*oswa*



Mete bebe a kouche  
sou janm ou epi bat  
oswa fwote do l.

*oswa*



Mete bebe a chita  
panche sou devan epi  
bat oswa fwote do l.



Pafwa, yon bebe sanble li gen doulè gaz lè manman l manje yon sèten manje oswa epis. Manman an ka eseye manje bagay ki pa gen epis, oswa li ka eseye sispann manje yon bagay ki ka lakòz gaz la pandan 2 a 3 jou (si l ka jwenn ase nitrisyon nan lòt manje yo). Pa gen okenn manje an patikilye tout manman dwe evite paske tout bebe diferan.

Jeneralman, doulè gaz sa yo konn sispann lè bebe gen anviwon 4 mwa.

## Sitiyasyon ki konn gen efè sou kesyon bay bebe tete

### Marasa

Marasa dwe tete menm jan ak tout lòt bebe. Sonje, tank yon manman bay tete, se tank kò l ap pwodui lèt. Yon manman ka bay toude bebe yo tete anmenmtan, oswa li ka ba yo tete youn apre lòt.

Yon manman ki gen marasa bezwen plis repo, plis manje, plis likid, epi li bezwen plis èd nan men manm fanmi l yo ak nan men w.



2 bon pozisyon  
pou bay marasa  
tete.



## Bebe ki twò piti ak bebe ki fèt anvan lè

Pifò bebe ki twò piti ak bebe ki fèt anvan lè bezwen lèt manman. Si bebe a twò fèb pou l pran tete, manman an ka tire lèt la alamen epi bay bebe a lèt la nan yon goblè oswa ak yon kiyè jiskaske bebe a gen ase fòs pou l pran tete. Gade paj 256 pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou pran swen bebe ki twò piti.



## Bay bebe tete pandan gwosès



Se pa yon danje si yon fi kontinye bay pitit li tete pandan l ansent, oswa si l bay yon bebe ki fèk fèt avèk yon pitit ki pi gran tete anmenmtan. Manman an dwe manje plis manje toujou, epi li dwe repoze anpil.


Li dwe toujou bay bebe ki fèk fèt la manje anvan timoun ki pi gran an.

## Lè manman an malad

Jeneralman, li pi bon pou yon manman kontinye bay tete menm lè l malad. Pou evite maladi a vin pi grav, manman an ka:

- Bwè anpil likid.
- Kouche pandan l ap bay tete.

Fanmi ak zanmi ka ede manman an ak travay nan kay la pou l ka repoze.



## Medikaman

Si sa posib, manman k ap bay tete pa dwe pran dwòg oswa medikaman. Men, gen manman ki malad ki dwe pran medikaman. Manman sa yo dwe pran medikaman ki san danje pou moun k ap bay tete yo.

Pifò remèd ki nan liv sa a, yon fi ka pran yo san danje pandan l ap bay tete. Kèk landan yo ki danjere gen siy sa a bò kote yo nan paj vèt yo nan liv sa a ki kòmanse nan paj 463.

### ATANSYON!



Medikaman sa a danjere pandan w ap bay tete.

## VIH/SIDA

Manman k ap bay tete dwe pwoteje tèt yo pou yo pa trape jèm VIH/SIDA. Gade paj 334 pou aprann kòman pou fè sa.

Gen manman ki gen VIH/SIDA ki pase maladi a bay bebe a nan lèt tete a. Gen lòt manman ki gen VIH ki bay pitit yo tete san bebe a pa trape maladi a. Pa gen moun ki konnen egzakteman kòman fè gen bebe ki trape jèm nan tandiske gen lòt ki pa trape l. Li pi fasil pou VIH/SIDA pase pandan bebe a ap tete nan ka sa yo:

- Manman an fèk trape maladi VIH la.
- Maladi SIDA a aji anpil sou manman an.
- Manman an bay bebe a lòt lèt ak lòt likid nan peryòd alètman an.
- Pwent tete manman an blese oswa li fè yon enfeksyon nan tete.
- Bebe a gen chank nan bouch.

*Ou gen yon  
desizyon ki difisil  
pou w pran.*

**Pou pifò manman, menm manman ki gen VIH, alètman se pi bon mwayen pou bay bebe a manje.** Se paske, anpil kote, lèt yo vann ak lòt lèt yo lakòz anpil bebe malad oswa yo mouri ak dyare oswa ak grangou. Gen plis bebe ki mouri nan bwè lèt achte pase sa ki malad oubyen ki mouri akoz VIH yo trape pandan yo t ap tete.



***Si yon manman ki gen VIH chwazi pou l bay bebe l la tete, men kèk bagay ki ka redui danje a:***

- **Bay bebe a tete sèlman pandan 6 premye mwa yo.** Bebe ki bwè lèt tete **epi** ki bwè lèt nan bwat, te, oswa lòt manje ak lòt likid gen plis chans pou yo enfekte ak jèm VIH/SIDA pase timoun ki pran lèt tete sèlman. Nenpòt lòt likid oswa lòt manje ap deranje trip bebe a.



- Konplètman sispann bay bebe a tete apre 6 mwa.
- Mete bebe a tete nan bon pozisyon pou evite pwent tete a blese.
- San pèdi tan, trete tout maladi chank, pwent tete ki blese, ak enfeksyon nan tete.
- Pa bay bebe a tete si tete a gen enfeksyon oswa absè. Olye pou w ba li l, tire lèt la jete.

Pou pwent tete a pa blese, ede bebe a ouvri bouch li byen laj lè l ap pran tete a.

Yon fi k ap pran medikaman pou trete VIH/SIDA gen mwens chans pou l pase maladi a bay bebe a pandan l ap ba l tete. Gade paj 492 a 497.

### Chofe lèt manman an pou anpeche bebe a trape VIH/SIDA

Lèt tete a ka chofe jiskaske l preske bouyi pou touye jèm VIH la. Si lèt la chofe, bebe a pap trape VIH. Sa mande travay pou w chofe lèt manman an, men sa ka fèt si l gen dlo pwòp, dife, epi si l jwenn asistans.

#### Kòman pou chofe lèt manman an

1. Mete yon bokal lèt tete nan yon chodyè dlo.
2. Kite dlo a bouyi.
3. Retire chodyè dlo a sou dife a tousuit apre l fin bouyi.
4. Kite lèt la frèt, epi bay bebe a li nan yon goblè oswa nan yon bibwon.

Lèt tete pa dwe bouyi.

Lè lèt la fin chofe, bebe dwe bwè l nan detwa èdtan.

### Lòt bagay ki ka ranplase lèt manman


Lèt manman pi bon, men gen kèk fwa bay bebe a tete pa posib. Si yon manman gen VIH/SIDA, si li malad anpil, oswa si se yon bebe li adopte, li gendwa pa kapab bay tete oswa li chwazi pa fè l.

Pou kèk fanmi, lèt yo vann nan bwat (fòmil) pou bebe kapab se yon ranplasan pou lèt manman ki pa bay pwoblèm.

#### Lèt achte pa yon danje pou bebe a sèlman lè kondisyon sa yo ranpli:

- Fanmi an gen ase dlo pwòp pou yo prepare anpil lèt pou bebe a.
- Fanmi an gen ase dife pou bouyi bibwon yo.
- Fanmi an gen mwayen pou yo achte tout kantite lèt bebe a bezwen (epi yo pap melanje l ak twòp dlo pou yo fè ekonomi).

Moun ka panse yon mamit lèt pa koute twò chè, men achte fòmil pandan plizyè mwa koute anpil lajan.



Fanmi ki achte lèt pou bebe dwe suiv egzateman enstriksyon ki sou bwat la. Pa ajoute plis dlo nan lèt la ni pa sèvi ak mwens lèt oswa mwens poud. **Bibwon ak tetin ki sal, oswa lèt ki gen twòp dlo ka touye yon bebe.**

Fanmi ki pa ka achte lèt eseye lòt fason pou yo nouri tibebe yo a. Fason sa yo pa posib pou tout manman, men yo ka posib pou kèk lòt.

- Yon moun nan fanmi an oswa yon zanmi ki pa gen VIH/SIDA ka bay pitit la tête.
- Bebe a ka bwè lèt bèt. Lèt bèt gen plis grès epi yo gen mwens sik pase lèt manman, kifè yo dwe melanje ak dlo ak sik anvan bebe a bwè yo. Pa gen antant sou yon resèt ki fè lèt bèt pi bon pou sante tibebe. Men 2 fason lèt la ka prepare, tou depann de ki kalite bèt fanmi an genyen.



Yon lot moun gendwa bay pitit pa w la tête.

### Pou bay yon bebe lèt bèt

Lèt bèf, kabrit, oswa chamo:


- Melanje 100 mililit (ml) lèt frèch ak 50 ml dlo pwòp epi 10 gram (g) (2 tikiyè) sik

Lèt mouton oswa bizon:

- Melanje 50 ml lèt frèch ak 50 ml dlo pwòp epi 5 g (1 tikiyè) sik


Kite lèt la bouyi epi retire l sou dife a. Kite l frèt epi bay bebe a li tousuit.

Lèt bèt pa gen tout vitamin yon bebe bezwen pou l devlope, kifè lè bebe a gen anviwon 6 mwa, li dwe kòmanse manje anpil kalite legim, fwi, ak lòt manje.



Lè se lèt bèt oswa lèt fanmi an achte yo bay bebe a, yo dwe kenbe tout bagay trè pwòp. Goblè, kiyè, bibwon, ak tetin yo, epi nenpòt lòt vesò ki sèvi pou lèt la dwe byen lave epi bouyi pandan 20 minit chak fwa anvan yo sèvi.

Lèt poud ki fin melanje, ti bwat lèt ki gentan ouvri, epi lèt bèt pa dwe janm rete chita nan tanperati nòmal pandan plis pase 2 èdtan. Y ap gate epi yo ka lakòz bebe a fè gwo maladi. Lèt ki gentan pare ka rete nan frijidè ki fre jiska 12 èdtan.



# TEKNIK MEDIKAL

## ENTWODIKSYON

Fanmsaj bay fi ak fanmi yo asistans pandan gwochè epi pandan akouchman, men yo konn bay asistans tou lè gen lòt pwoblèm sante ki pa gen rapò direkteman ak akouchman. Sa fè sans paske kapasite ak konpetans fanmsaj la genyen pou l ede yon fi ki ansent ak yon fi k ap akouche ka itil li lè yon fi bezwen lòt swen sante oswa lè l gen yon ijans medikal. Pa egzanp, yon fanmsaj ki deja abil nan rete san apre akouchman ka aprann fasilman kòman pou l rete san lè yon gwochè fini anvan lè.

Nan anpil kote, se fanmsaj la ki sèl pwofesyonèl k ap travay nan domèn swen sante a nan kominote a. Kote sa yo, fanmsaj la deja konn ede medam yo ak fanmi yo avek bezwen medikal jeneral yo genyen yo. Plis fanmsaj yo gen kapasite, se plis y ap ka ede medam yo ki pa jwenn okenn lòt swen sante.

Nan pati sa a, liv la esplike kòman pou fè anpil pwosedi ki ka itil pandan tranche, oswa ki ka itil pou ede fi ki bezwen swen sante lòt lè nan lavi yo. Nan pifò kote, prèske tout fanmsaj ka fè pwosedi sa yo. Sepandan, yo ka mande bonjan fòmasyon ak anpil pratik pou yo ka fèt san danje. Asire w ou jwenn èd nan men lòt pwofesyonèl ak pwofesè ki gen eksperyans lè w ap aprann pwosedi sa yo. Eseye pwosedi ki pi konplike yo sèlman apre w fin jwenn bonjan fòmasyon e sèlman si w gen zouti ki esterilize. Men, pa pè aprann nouvo teknik sa yo. Avèk teknik sa yo, w ap ka amelyore lavi medam yo nan kominote w ap viv la.




Nan chapit ki vin apre yo, nou bay enstriksyon sou ki jan pou bay piki ak sewòm, ki jan pou verifye gwosè pasaj yon fi pandan tranche, epi ki jan pou fè tranche a cho lè l twò frèt. Gen 2 chapit ki rakonte ki jan pou ede medam yo sèvi ak planin, epi ki jan pou trete fi ki gen maladi moun pran nan fè sèks.

Nou esplike tou ki jan pou fè yon egzamen basen pou wè si yon fi gen siy enfeksyon oswa kansè. Gen lòt chapit ki esplike ki jan pou ede yon fi ki vle mete esterilè pou fè planin, epi ki jan pou ede fi ki gen pwoblèm lè gwosès la tèmine anvan lè.

Youn nan travay ki pi enpòtan pou yon fanmsaj se deside ki lè epi ki jan pou l chèche asistans. Pa gen pèsonn ki ka rezoud tout pwoblèm sante poukout li. Chapit 24 la bay kèk ide sou fason pou kolabore ak sant sante, lopital, epi ak lòt pwofesyonèl lasante pou medam yo ka jwenn swen san danje nan ka dijans.

Lè yo travay ansanm epi yo koute youn lòt, fanmsaj, enfimyè, doktè, ak lòt pwofesyonèl lasante yo ka sèten tout fanm jwenn swen yo bezwen.



Pou fini, Chapit 25 bay ide sou ki jan pou nou fè ekipman pa nou, avèk zouti k ap ede n anseye.